

# TEKS LAKON

## WAYANG WONG

NENY NURUL NURAINI / X-4/ 18





# “SETYANING DEWI SINTA”

Kisah Ramayana – versi sederhana)

Paraga:

- Prabu Rama – satria utama, wicaksana
- Dewi Sinta – garwa Rama, setya lan suci
- Prabu Rahwana – raja Alengka, angkara murka
- Hanoman – utusan Rama, setya lan gagah
- Wibisana – adhine Rahwana, wicaksana
- Punakawan (Gareng, Petruk) – panyegar lan piwulang



# 1. ALAS DANDAKA \_ KATENTREMAN



(Gamelan pathet nem. Rama lan Sinta mlebu alon, gerak alus.)

Rama:

“Dewi Sinta, sanadyan kita adoh saka kraton, alas iki paring piwulang bab kesederhanaan lan sabar.”

Sinta:

“Inggih, Kakang Rama. Kula pitados, sajroning kahanan apa wae, setya lan darma mesthi dados pituduh.”

Rama:

“Sabarmu lan kesetiaanmu kuwi kakuwatan sejati.”

(Saka kadohan, Rahwana ngawasi.)

Rahwana:

(Nggrundel)

“Ayune ngungkuli rembulan. Yen Dewi Sinta dadi permaisuriku, kamulyanku bakal sampurna.”

(Rahwana nyulik Sinta kanthi siasat. Sinta kaget nanging tetep jejeg.)

Sinta:

“Lepasna kula! Kula garwanipun Prabu Rama!”

Rama:

(Ngoyak)

“Sinta! Demi darma, aku ora bakal meneng!”



## 2.TAMAN SOKA \_ UJIAN KESETIAAN

(Gamelan sedhik. Sinta lungguh, ndedonga.)

Sinta:

“Ya Gusti, paringana kakiyatan. Sanadyan badan kula kaiket, atiku tansah bebas lan setya.”

(Rahwana mlebu kanthi gumedhe.)

Rahwana:

“Sinta, laliyen Rama. Aku bisa maringi kraton, banda, lan kamulyan.”

Sinta:

(Tegas, alus)

“Kamulyan tanpa darma namung nggawa peteng. Kula boten badhe ngiyanati sumpah.”

Rahwana:

(Nesu)

“Kowe wani nolak aku? Elinga, kowe ana ing kekuasaanku!”

Sinta:

“Kekuasaan boten saged ngalahake kesetiaan.”

(Rahwana lunga kanthi nesu.)



# 3.ALENGKA\_SUARA KEBIJAKSANAAN

(Wibisana mlebu.)

Wibisana:

“Kakang Rahwana kebacut dening angkara. Kesetiaan Dewi Sinta malah dadi cermin kalepatané.”


(Ngadhep Sinta)

Wibisana:

“Dewi, kula nyuwun pangapunten atas tumindake sedulur kula.”

Sinta:

“Kula pitados, kabecikan tansah nemokake dalan.”



## 4. ALAS\_RAMA LAN PUNAKAWAN

(Punakawan mlebu.)

Gareng:

“Kakang Rama, urip kuwi yen tanpa setya, kaya sayur tanpa uyah.”

Petruk:

“Leres! Wong setya kuwi atiné kuwat, ora gampang digoyang.”

Rama:

“Kanca-kanca, tembungmu dadi panyemangat. Aku bakal ngentasake Sinta.”

(Hanoman mlebu kanthi gagah.)

Hanoman:


“Kakang Rama, kula siyap dados utusan. Kula badhe nyabrang segara.”

Rama:

“Lunga, Hanoman. Kesetiaanmu dadi pangarep-arep.”



## 5.TAMAN SOKA\_ PESEN SUCI



(Hanoman ketemu Sinta.)

Hanoman:

“Dewi Sinta, kula Hanoman, utusan Prabu Rama.”

Sinta:

(Bungah)

“Syukur... aturaken marang Rama, kesetiaanku boten nate luntur.”

Hanoman:

“Prabu Rama sampun nyawisake peperangan nglawan angkara.”

Sinta:

“Kula ngentosi kanthi sabar lan pracaya.”

# 6.RAMA\_PIWULANG PUNGKASAN

Hanoman:

“Kakang Rama, Dewi Sinta tansah setya, sanadyan kaancam.”

Rama:

“Atiku manteb. Kesetiaane Sinta dadi kekuwatanku ngadhepi Rahwana.”

Rama:

“Kesetiaan iku dudu mung janji, nanging tumindak lan pengorbanan.”

Sinta:

“Setya marang kabecikan bakal nglairake katentreman.”

Wibisana:


“Angkara mesthi kalah dening darma.”

Punakawan:

“Ayo padha urip kanthi setya lan jujur!”

Kabeh:

“Becik ketitik, ala ketara!”



# HASIL ANALISIS

## Orientasi

Rama lan Sinta sing diasingke menyang Alas Dandeka.

## Komplikasi

Nalika Rama lan Sinta diasingke. Rahwana kepincut karo keayuan e Sinta, lan nduweni niat kanggo ngeculik Dewi Sinta.

## Klimaks

Dewi sinta diculik lan di iket menyang taman Soka. Rahwana ngewei pilihan kanggo Dewi Sinta ngecul ke Rama mengko Dewi Sinta bakal diwei kekayaan e. Nanging Dewi Sinta nolak, sing nganggo Rahwana nesu.

## Resolusi

Gareng, Petruk, ngewei wejangan soal kesucian e Dewi Sinta lan Hanoman ngewangi Rama supaya bisa nyelametne Dewi Sinta, liwat perang ngelawan Angkara.

## Koda

Setya iku gak namung diomong soko janji, nanging yo soko tindakan lan pengorbanan e dewe. Amergo setyo marang kebecikan bakal ngelairke ketentremen.



# TERIMA KASIH

